



Nou rekòmanse avèk pwomnad lekòl yo! An nou bay remèsiman pou bote vil nou an kòm yon salklas

Chè Nouyòkè:

Madi a, mwen te kontan patisipe nan yon pwomnad avèk klas 2yèm ak 3yèm ane PS 46 nan Brooklyn nan bèl mize nou an [American Museum of Natural History](#) nan Central Park. Nou te pase matine a ap amize nou avèk gwo balèn ble a nan *Hall of Ocean Life* ak ale nan ekspozisyon sou lyon lanmè (otari) Nò, fòk (harbor seal), ak zwazo plonjè—ki sanble se te bagay timoun yo te pi renmen paske, jan yon gwoup elèv 2yèm ane te kontan pou pataje avèk mwen, "Yo se zwazo ki ni vole nan syèl ak ni naje nan dlo."

Mwen rekonesan anpil dèske nou genyen enstitisyon tankou Mize Istwa Natirèl (Museum of Natural History) pou agrandi salklas nou yo ak aprantisaj timoun nou yo pou rive nan bote vil nou an. Opòtinite sa yo te pami anpil ki te pèdi pandan yon gwo pati pandemi an. Men, nou rekòmanse avèk pwomnad yo kounye a! Epi, Direktè PS 46 la Adam Braverman ak lidè ak edikatè lekòl nou yo atravè vil la ap ouvè pòt lekòl yo ankò...epi estimile imajinasyon timoun nou yo ak lespri aprantisaj yo atravè eksplorasyon ak dekouvèt aktif.

Pandan tan mwen te pase kòm pwofesè ak direktè lekòl, mwen te renmen pwofite tout avantaj nan pwomnad pou ede fè aprantisaj vin pi amizan ak enteresan—pou fè timoun yo soti dèyè biwo yo pou patisipe nan egzibisyon briyan NYC, nan syans, istwa, ak art ki se Vil Nouyòk la menm.

Pou lekòl nou yo ka fè sa ankò kounye a se yon bagay enteresan anpil, epi nou gen chans anpil dèske nou gen pwogram tankou [Urban Advantage](#) ki disponib pou lekòl ak fanmi nou yo pou fasilite nou pran avantaj anpil nan enstitisyon kiltirèl yo—tankou Mize Ameriken Istwa Natirèl—ki fè vil sa a yon kote espesyal pou viv ak elve yon fanmi.

Chans mwen genyen pou ale nan yon bèl pwomnad avèk elèv nou yo—pou konstate lajwa sou vizaj yo avèk yon sans mèvey ak kiryozi—raple m, yon lòt fwa, pouvwa vil nou an genyen pou bay enspirasyon...ak pwomès avni briyan pou timoun nou yo. Epi pandan n ap antre nan semèn Thanksgiving lan, mwen vle di jan mwen rekonesan pou m fè travay sa a...epi pou m fè l kòm yon manm nan yon kominote ki gen yon angajman solid anvè timoun nou yo ak edikasyon yo. Mèsi dèske ou fè pati lekòl leta Vil Nouyòk, epi mwen swete tout moun pase yon bòn fèt.

Plane wo,

David C. Banks  
Chanselye

---

Si w pa vle resevwa mesaj imèl you PS+You yo ankò, tanpri [pa abone \(unsubscribe\)](#).